



Pou Piblikasyon Imedya: 3/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON KI DEZIYEN OKTÒB KÒM MWA  
SANSIBILIZASYON SOU SEKIRITE SIBÈ EPI LI SOULINYE RESOUS POU TI  
BIZNIS YO AK NOUYÒKÈ YO**

*Tèm "Wè Tèt Ou nan Sibè" ensiste sou enpòtans kwasans sibèsekirite nan yon mond ki deplizanpli konekte.*

*Li pwoklamasyon an [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon [pwoklamasyon](#) ki deklare oktòb kòm Mwa Sansibilizasyon sou Sibèsekirite. Pandan Nouyòkè yo ap fè fas ak menas sou sibèsekirite k ap grandi, Mwa Sansibilizasyon sou Sekirite Sibè a fè pati efò konjwen eta ak nasyonal pou angaje ak edike piblik la sou sibèsekirite epi bay zouti ak resous pou ede yo rete an sekirite sou entènèt.

"Kèlkeswa ou se yon mouvo itilizatè entènèt oswa yon ekspè ki gen konesans nan teknoloji, sibè-atak yo reprezante yon menas pou nou tout chak fwa nou sou entènèt", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Oktòb sa a, n ap ogmante konsyantizasyon Nouyòkè yo nan tout nivo sektè piblik ak prive pandan n ap kontinye dirije nasyon an nan konbat yon fason agresif kont menas sibèsekirite k ap evolye yo."

Tèm pou 19èm Mwa Sansibilizasyon sou Sekirite Sibè anyèl la - "Wè Tèt ou nan Cyber" - mete aksan sou enpòtans kwasans sibèsekirite a epi ankouraje moun ak òganizasyon yo pran mezi ki nesèsè pou pwoteje tèt yo nan yon mond ki pi konekte.

**Ofisye Sibènetik an Chèf Eta New York, Colin Ahern, te deklare,** "Gouvènè Hochul te kreye pozisyon Ofisye Sibè anchèf paske li konprann enpòtans pou pwoteje enfrastrikti sibèsekirite eta a kont menas k ap parèt yo ak ranfòse defans sibè nou yo. Mwen fyè pou m sèvi nan wòl sa a epi mwen angaje m pou etabli ak konstwi relasyon atravè tout nivo gouvènman an ak sektè prive a pou asire enfrastrikti enpòtan New York la an sekirite ak fleksib."

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare,** "Sekirite dijital ou enpòtan pou nou. Mwa Konsyantizasyon Sibè Sekirite sa a, nou chak ta dwe pran etap senp pou kenbe tèt nou ak òganizasyon nou yo an sekirite. Pèmèt

otantifikasyon multi-faktè epi sèvi ak modpas ki solid. Epi rete vijilan pou pwoteje kont èskrokri. Gouvènè Hochul ak Nou tout nan Eta a ap fè investisman enpòtan ane sa a nan sibè-sekirite, men sa pral mande pou enkli nou tout pou reyalize pwoteksyon nou bezwen an."

Sibè sekirite se yon gwo defi pou tout òganizasyon yo, men li ka espesyalman difisil pou biznis yo ki twò piti pou gen yon Ofisye Sekirite Enfòmasyon Anchèf ak anplwaye sibè sekirite ki devwe.

An patenarya avèk Global Cyber Alliance (GCA), Depatman Sèvis Finanssyè (Department of Financial Services, DFS) Eta bay yon bwat zouti pou sekirite sibè gratis pou ti biznis yo pou yo ka pwoteje tèt yo ak kliyan yo kont menas sibè k ap grandi yo. Zòn ki kouvri nan bwat zouti sekirite sibè gratis la gen ladan idantifikasyon materèl ak lojisyèl, mete ajou defans kont menas sekirite sibè, ranfòse modpas ak otantifikasyon ki gen plizyè faktè, sovgade ak rekipere done, ak pwoteje sistèm imèl yo. Ou ka jwenn [bwat zouti](#) sekirite sibè ki gratis la pou ti biznis yo ak echantyon règleman sekirite sibè ke DFS devlope yo sou [sit entènèt DFS la](#).

**Sipè-entandan Sèvis Finansye Eta New York la, Adrienne A. Harris, te deklare,** "Endividi ak biznis yo ka pran ti etap pou amelyore ijyèn sou sibè ki gen yon gwo enpak sou sekirite jeneral. Règleman sou sibè sekirite ki se premye nan peyi a ki pibliye pa Depatman Sèvis Finansye Eta New York la pwoteje konsomatè yo ak biznis yo lè yo egzije konpayi sèvis finansye yo pou aplike kontwòl sibè sekirite enpòtan tankou otantifikasyon multi-faktè."

Tèm ane sa a gen pou objektif motive moun ak òganizasyon yo konprann wòl yo jwe nan pwoteje pati pa yo nan espas sibè a. Si tout moun jwe wòl pa yo - mete an aplikasyon pratik sekiritpi ki pi solid, sansibilize nan kominote a, edike odyans ki vilnerab yo, ak fòme anplwaye yo - mond entèkonekte nou an pral pi an sekirite ak pi fleksib pou tout moun.

**Ofisye Enfòmasyon Anchèf Eta New York la, Angelo 'Tony' Riddick te deklare,** "Sibèsekirite kontinye rete pi gwo priyorite nou an. Gras ak lidèchip Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan tout nivo nan gouvènman an, New York byen prepare pou adrese menas sibè yo. Nou tout dwe travay ansanm epi pran mezi pwo-aktif pou kenbe New York an sekirite."

**Ofisye An Chèf pou Sekirite Enfòmasyon yo nan Eta New York, Chris DeSain, te deklare,** "Li esansyèl pou chak moun rete investi nan pwoteksyon pwòp anprent dijital pa yo. Ak depandan nou k ap grandi sou teknoloji, li akonpanye yon nouvo risk pou konfidansyalite, entegrite ak disponiblite. Se poutèt sa, nou tout dwe konprann wòl nou nan jere risk sa a. Chak ane, Mwa Sansibilizasyon sou Sekirite Sibè bay yon opòtinite pou konsantre atansyon sou bon pratik 'ijyèn sibè' ki pral ede itilizatè yo pwoteje idantite yo, aparèy yo ak enfòmasyon yo."

**Sipèrentandan Lapolis Eta New York la, Kevin P. Bruen, te deklare,** "Yo toujou ap defye fòs lòd yo pa inovasyon nan teknoloji sou entènèt ke kriminel yo eksplwate pou vòlè nan men piblik la oswa pou jwenn aksè ak enfòmasyon sansib. Kòm menas sou sibè sekirite nou an ap vin pi dominan, an kolaborasyon, nou bezwen pwo-aktif nan pwoteje tèt nou kont atak sibè yo. Lapolis Eta a angaje l pou l travay ak patnè fòs lòd nou yo pou pwoteje Nouyòkè yo epi vin pi efikas nan konbat ak reponn ak menas yo tèt pou tèt."

Chak semèn nan Mwa Sansibilizasyon sou Sekirite Sibè a konsantre sou yon sijè diferan:

- Konprann ak aplike ijyèn debaz sou sibè, ki gen ladan kreyasyon modpas ki fò, itilize otantifikasyon ki gen plizyè faktè, fè mizajou lojisyèl ak sovgade done.
- Rekonèt epi rapòte tantativ èskrokri, kèlkeswa si yo vini atravè imèl, mesaj tèks, oswa bwat chat
- Pèmèt moun yo non sèlman pou pratike konpòtman san danje sou entènèt, men tou konsidere rantrè nan misyon an pou asire mond sou entènèt nou an nan pouswiv yon karyè nan sekirite sibè.
- Fè sekirite sibèyon priyorite biznis nan asire pwodwi ak pwosesis yo "sekirize pa konsepsyon" ak ankouraje konsiderasyon sekirite sibè lè n ap achte nouvo aparèy ki konekte ak entènèt.

ITS ap kowòdone tou [yon konkou afich sou sekirite sibè nan tout eta a](#) pou timoun nan klas matènèl jiska 12èm ane, yon opòtinite ki rive alè pou pwofesè lekòl yo pou konsantre sou kenbe timoun yo an sekirite sou entènèt nan yon fason amizan ak enfòmatif. Dat limit soumisyon yo se 16 desam 2022. Yo pral prezante gayan Eta New York yo sou sit entènèt ITS la epi antre nan konpetisyon nasyonal la ki patwone pa Sant Analiz ak Pataje Enfòmasyon pou Plizyè Eta a. Anplis de sa, ajans la bay yon kantite resous gratis pou piblik la, ki gen ladan [Bwat Zouti Sansibilizasyon sou Sekirite Sibè](#), ki gen ladan afich, kalandriye, bwochi ak lòt kontni sou tèm sekirite sibè ke yo ka telechaje ak pataje pou ede ankouraje ak ranfòse tèm sekirite sibè yo nan yon fason ki pratik, enfòmatif, amizan, ak itilizab.

Pou plis enfòmasyon, vizite [sit entènèt CISO ITS la](#), swiv ajans lan sou [Twitter](#) (tag #NYSCyber) ak [Facebook](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418